Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение
«Дылымский многопрофильный лицей им.И.Гаджиева»

«СОГЛАСОВАНО»
Зам. директора по УВР
_______/Джамаева Д.Н./
« 1 » сентябрь 2023 г.

«УТВЕРЖДАЮ»
Директор
_______/[illegible]кова А.Х.

# Рабочая программа
# электиного курса
# **«Родничок».**
# **3 « В» класс**

Г




Гаджиева М.М.

2023-2024 уч.год

# *Программаялъул баян.*

***Программаялъе баян байбихьизе бокьун буго Расул ХI амзатовасул раг1абаздасан: «Метер маг1арул мац1 хвезе батани хваги дун жакъаго жаниб рак1 кьвагьун.»***

***Гьаб программаялъул мурад ккола школалда лъималазда авар мац1 лъик! лъазе, гьелдехун рокьи ва мац1 лъазабизе бугеб гъира дагьабги ц1ик1к1инабизе. Къойидаса къойиде маг1арулаз г1емер лъазабулеб ва х1алт1изабулеб буго г1урус мац1 ,рахьдал мац1ги к1очене тун. Цо рахъалдасан гьеб квешги батиларо,аллма нилъерго умумузул мац1***

***к1очене тейиги лъик1аб гьеч1о. Г1емерал бах1арзабаз бицун , чанги кьог1аб заманалъ квегъун ,нилъер умумузги къач1ан щвараб буго нилъехъе, жиндилъ гьуинлъи бессараб аваразул гучаб мац1.***

***Нилъеца к1вар кьезе ккун буго школалда лъималазда мац1 ц1ик1к1ун лъазе жигар бахъизабизе. Жеги к1вар кьезе кколеб масъала буго бац1ц1адаб литературияб мац1алда жидерго пикру эркенго загьир гьабизе ц1алдохъаби ругьун гьари(бицунги хъванги).Мац1 берцин гьабулел алатаздасан пайда босизе.Гьелда цадахъго к1вар кьезе ккела битIун ва бич1ч1ун ц1алиялде , берцинго хъваялде ва калам цебе т1езабиялде.***

***Гьеб кинабго х1алт1и берцин нухда т1обит1изе ва лъималазул лъай босизе бугеб гъира ц1ик1к1инабизе программаялъул мурадалда буго гьадинал***

***т1адкъаял ва х1алт1аби т1уразаризе :***

1 .***Презентация.***
2. ***Викторина***
3. ***Сочинение.***
4. ***Экскурсия.***
5. ***Бат1и-бат1иял къецал ва конкурсал.***
6. ***Диктант.***
7. ***Ребусал ва раг1икъот1ал.***
8. ***Тестал.***
9. ***Тематикиял х1аял.***
10. ***Сценкаби.***

# *Курс лъазабун лъуг1ун хадуб кьолел х1асилал*

- *жиндирго Ват1аналдаса, дагъистаналъул миллатаздаса ва гьелъул тарихалдаса ч1ух1и; жив маг1арул миллаталъул чи вукТин бич1ч1и;*

- *рахьдал мац1 нилъер культураялъул аслу бук1ин бич1ч1и ва гьелъ маг1арулазул миллатазда гьоркьоб щулияб бухьен ч1езабулеблъи лъай;*

- *гъалат1 гьеч1еб к1алзул ва хъвавул калам г1аммаб культураялъул г1аламат бук1ин лъай;*

- *школалдехун ва ц1алиялдехун бугеб бербалагьи ц1ик1к1инаби, кидаго льик1ав ц1алдохъанлъун вукТине бажари;*

- *лъик1аб даражаялда ц1ализеги, ц1ализе бугеб пагьмуялъе жинцаго къимат кьезеги бажари;*

- *цо къасдалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго ч1араб, цогиялда бухьинч1еб хасиятги цебет1езаби;*

- *цогидал г1адамазе кумекалъе х1адурав, ният лъик1ав, х1алхъублъи гьеч1ев, г1адамазе лъик1лъи гьабулев инсан вахъинави;*

- *муг1алимас кьураб къиматалда разилъи*

### *Х1алт1изарурал источниказул сиях1*


1. *Авар мац! - Вакилов XI .С., Ражабова Р.XI. Махачкала, ООО «Издательство НИИ педагогики», 2011.*

2. *Авар калам - Вакилов Х1.С.,Къурбанов З.М.,Меджидова Ч.М. Махачкала, ООО «Издательство НИИ педагогики» 2011.*

3. *Акаева Р.К. - Краткий аварско-русский тематический словарь. Х1амзатов А.-Адабияб г1елмуялъул терминазул словарь. Махачкала,2013.*
4. *Вакилов XLC.-Авар мац1алъул тестал. Махачкала, 2010.*

5. *Журнал «Лачен» 2/2019,5/2018, 3/2013,4/2019,1/2018*

6. *Газета «Х1акъикъат»-рубрика «Бурут1».*

# Тематикияб план.

| № | ТЕМА | Къо-моцӀ |
|---|---|---|
| 1. | МагӀарул мацӀалъул къокъаб баян. РагӀикъотӀ. | |
| 2. | Словарь. Ребусал. | |
| 3. | Кицаби ва абиял. Халкъияб маргъа. | |
| 4. | ГӀурус мацӀалдасан рачӀарал рагӀаби. БицанкӀаби. | |
| 5. | Презентация «Дида лъарал рагӀаби,дицаги малъила. | |
| 6. | Сочинение «ТӀанхазул ралъад.» | |
| 7. | Нижер умумузул гӀакълаби. ЦӀадаса ХӀамзатил кучӀдул пасихӀго цӀализе. | |
| 8. | Эркенаб диктант. БетӀерал членал. | |
| 9. | Экскурсия «Хасалихълъиялъул кьерал .» | |
| 10. | Викторина . «Расул ХӀамзатовасул творчество.» | |
| 11. | «Воре цӀале,цӀале,цӀале,дир цӀодор!» КучӀдул пасихӀго цӀалиялъул конкурс. | |
| 12. | «ХӀарпал рилана.» Тематикияб хӀай. | |
| 13. | Тест «Гьаркьал ва хӀарпал.» | |
| 14. | Сценка «ГӀакълуги, гӀелмуги,талихӀги.»МухӀамад ПатахӀов (Биценал. Лачен ,гьум 5) | |
| 15. | Авар алфавит. Ребусал.РагӀикъотӀ. | |
| 16. | «Аваданаб годекӀан.» Литературияб хӀай. | |
| 17. | Творческияб диктант. | |
| 18. | «МацӀ – нижер бечелъи.» КВН. | |
| 19. | « ГьитӀинав шагӀир.» ТӀанкӀзул бакӀалда хӀарпал хъван кочӀол мухъал лъугьинаризе. | |
| 20. | «Лъица гӀемер ургьилел?»Тематикияб хӀай (геминатал) | |
| 21. | Сочинение «Дир гьитӀинаб ватӀан.» | |
| 22. | Экскурсия школалъул музеялде. | |
| 23. | Автобиография.(щиб жо кколеб,кин хъвалеб) | |
| 24. | Тест «Е,Ё,Ю,Я хӀарпал» | |
| 25. | РекӀел асар загьир гьабулел рагӀаби.Баркала кьей,рохел,гьоболлъухъ,тӀасалъугьин,ракӀгурхӀи… | |
| 26 | Презентация «ХӀайванал ва гьезул тӀанчӀи.» | |
| 27. | Синонимал. Антонимал. Омонимал. | |
| 28. | Диктант. ТӀадкъаял тӀуразе. | |
| 29. | «Предложение бакӀаре .» Тематикияб хӀай. | |
| 30. | «Суал лъезе лъалищ?» Тематикияб хӀай. | |
| 31. | ЦӀадаса ХӀамзатил гӀумру ва творчество. | |
| 32. | Презентация «МагӀарул тӀалъи.» Аваразул гимн. | |
| 33. | Аваданаб годекӀан (кучӀдул,кепал харбал ургьун хъвазе) | |
| 34. | Сценка «ЛъикӀлъиги квешлъиги.» (пьеса ,Лачен№3,19 с.) | |